Daan naa sangu man ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci benn ndab fekk nun ñaar ñépp a am janaba, daan na ma digal ma woddu, muy jonjoo ak man fekk damaa nekk ci mbaax,

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi-yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Daan naa sangu man ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci benn ndab fekk nun ñaar ñépp a am janaba, daan na ma digal ma woddu, muy jonjoo ak man fekk damaa nekk ci mbaax, daan na lihtikaaf ba noppi génne boppam fi man ma koy raxas fekk damaa nekk ci mbaax.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- day xamle yenn mbir yi mu jagoo moom ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, bokk na ca: da daan sangu janaba moom ak Yonnente bi ci benn ndab di bokk di ci tanq. Ak ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu ko daan bëgg a dikkal fekk mu gis mbaax da koy digal mu muur yaramam li tàmbalee ci jumbax bi ba ci wóom yi, muy jonjoo ak moom ci lu dul së̈y. Ak ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daan na Ihtikaaf ci Jàkka ji di génne boppam Aysatu di ko raxas nekk ci neegam fekk dafa gis mbaax

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3476